

Ди Хэкур къулейщ лъэпкъхэм я щэнхабзэхэмкIэ

2-нэ нап.



Экономикэр зэрефIакIуэм и нэщэнэу

3-нэ нап.



Быф Идар и лъэщагъыр къегъэлъагъуэ

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ арац.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ


КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№133 (25.039) • 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 6, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ТекIуэныгъэщIэхэр къыпоплъэ



УФ-м и Президент Путин Владимир Къэзахстаным и къалащхьэ Астана бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым япэ увыпIэр къыщызыхьа Шэрий Иналбэч и ехъулIэныгъэмкIэ къехъуэхъуащ.

«АСТАНА щызыIэрыбгъэхьа текIуэныгъэмкIэ сынохъуэхъуну сыхуейщ, - дыкъыщоджэ Кремлым и электрон хэщIапIэм къэралым и ЛIыщхьэм къыбгъэдэкIыу ит хъуэхъум. - Уи ныбжьэгъухэм ирашэжьа хабзэр бгъэпэжри, хэкум бэнэкIэ хуитымкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэр нэхъри щIэбгъэбыдащ. Хьэрхуэрэгъу лъэрызехьэхэм упащIэту, къару, бэшэчагъ, спортым хуэфащэ хьэл къыщыбгъэлъэгъуащ узыхэта зэхьэзэхуэм».

ЩэкIуэгъуэм и 4-м Иналбэч иригъэблэгъащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«Нобэ ди чемпион Шэрий Иналбэчрэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIа абы и тренер Урыш Анзоррэ сахуэзащ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым, зэIущIэм щытепсэлъыхьыжым. - Дыгъуасэ щIалэр Астана къикIыжа къудейщ, и текIуэныгъэ къызэрымыкIуэм и хъыбарыр и пэ иту. Урысейм и гимныр къеуэу, къэралым и ныпыр Iэтауэ, къратыжащ Шэрийм къихьа дыщэ медалыр. А текIуэныгъэр зыIэригъэхьэн папщIэ, Иналбэч гъуэгуанэшхуэ зэпичащ, гугъу зригъэхьащ, спортым хэт псоми щапхъэфI яхуэхъуу. ДяпэкIи апхуэдэ текIуэныгъэ куэд ди нэгу зэрыщIигъэкIынум шэч къытесхьэркъым».

Республикэм и Iэтащхьэм спортсменми тренерми фIыщIэшхуэ яхуищIащ. Шэрий Иналбэч фIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Урыш Анзор Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр иратынущ.

Къинэмыщlауэ, Шэрий Иналбэч тыгъэ лъапIэ хуагъэхьэзыращ.

«Иналбэчрэ Анзоррэ дяпэкIи ехъулIэныгъэ куэд яIэу, урысей спортым и пщIэр яIэту, ипэкIэ кIуэтэну сигукIи си псэкIи сохъуэхъу», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, и хъуэхъур и кIэм щынигъэсым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Зэкъуэтыныгъэрщ къэралым и къарур зыхэлъыр

УФ-м и Президент Путин Владимир щэкIуэгъуэм и 3-м иригъэкIуэкIащ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым и зи чэзу зэIущIэр. Абы къыщызэщIакъуэжащ 2026 гъэр зытеухууэ щыта Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым кърикIуахэр. Iуэхум хэтащ икIи купщIафIэу къыщыпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеем и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий. ЗэIущIэм и пэщIэдзэм Президентыр къыщыуэсахэм ехъуэхъуащ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ икIи советым хэт псоми фIыщIэ яхуищIащ хабзэубзыху, щIэныгъэ, узэщIыныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къызэгъэпэщыныр егъэкIуэкIыныр жыджэру зэрыхэтам папщIэ.

- АР МЫХЬЭНЭ зиIэ лэжьыгъэщ. Къэрал псом щекIуэкIащ лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри зыгъэбыда Iуэхугъуэ мин бжыгъэхэр, дэтхэнэ лъэпкъми я макъыр псом щыщ зы Iыхьэу къэIуащ, - жиIащ Президентым. - Къэрал лъэпкъ политикэм щIэуэ хэгъэхьапхъэр ди советым щагъэбелджылащ. Абы и лъабжьэр Урысей псом и цIыхухэр зэзышалIэр гъэбыдэныр щ, лъэпкъ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдыр хъумэныр щ, динхэм пщIэ яхуэщIыныр щ.

Мы гъэм хэпщIыкIыу хэкъуащ лъэпкъыбзэхэр джынми хуащI гулъытэм. КъыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIэным псом япэу елэжьхэр - ахэр дин, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэр щ, лъэпкъ Iуэхур зи нэIэ щIэт къулыкъущIапIэхэр щ, муниципалитетхэм, къалэ цIыкIухэм, къуажэхэм щылажьэхэр щ.

Зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр дыгъэгъазэм и 31-м иухын хуейкъым. Псоми сынывэлъэIунут, пщIэ зыхуэтщI си лэжьэгъухэ, а Iуэхум адэкIи къызэрыпыфщэну Iэмалхэм, щIыкIэхэм фегупсысыну. Правительствэми Президентым и Администрацэми захузогъазэ фи гъусэу а жэрдэмхэр ягъэбелджылыну.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ псалъэ щратым къыхигъэщхьэхукIащ 2027 - 2029 гъэхэм ятещIыхьа федеральнэ бюджетым и проектым къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхухэм илъэсищым сом мелард 14 зэрыщыхухэар. Ар кIэщIу къытеувыIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр зэрекIуэкIым икIи жиIащ абы УФ-м и щIыналъэ псори зэрыхэтар, мы гъэм ирагъэжьа Iуэхур 2036 гъэ пщIондэ УФ-м и къэрал лъэпкъ политикэм и стратегиеу зэрыщытынур. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ къэралым лъэпкъыу исыр зэрызэхущытым, ди хэкум и цIыху псоми ягу дыхьэу къыщыпэджэжар и нэщэнэщ я гупсысэр зэрызэтехуэм.

- НобэкIэ, къыщыхэбгъэщащи, къэралым Iуэхугъуэ мин бжыгъэхэр щекIуэкIащ, абыхэм цIыху мелуан 50-м щIигъу къызэщIаубыдащ. Ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэр а бжыгъэхэракъым, атIэ абыхэм я щIыбагъ урысейхэр зэкъуэзыгъэувэ Iуэхугъуэ купщIафIэхэр, зэIущIэхэр, жэрдэмхэр къызэрыдэтырщ, - жиIащ Голиковэм. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт цIыху нэхъыбэ зыхэта Iуэхугъуэ нэхъ гукъинэжхэр - ар ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалырщ, Урысейпсо хьэгъуэлIыгъуэ фестивалырщ, «ЩIэныгъэ. Пашэхэр» федеральнэ узэщIакIуэ марафонырщ, «Урысейр унагъуэхэм я унагъуэщ», «Музейм и жэщ» урысейпсо лэжьыгъэрщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмрэ мы илъэсым и кIэ пщIондэ къапэщылъхэмрэ.

ЦIЫХУХЭР IэнатIэкIэ къызэрызэгъэпэщам и гугъу щащIым къыхагъэщащ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. ЩIыналъэм IэнатIэ Iутхэм я бжыгъэр процент 63,6-рэ щохъу, ар УФ-ми КИФЩI-ми къыщагъэлъэгъуахэм нэхърэ нэхъыбэщ.

Гулъытэ хэха хуащI дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, лэжьапIэ увыным теухуауэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ центрхэм зыкъыхуэзыгъэзахэм. Мы илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ а IуэхумкIэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ цIыху 50-м щIигъум.

Нэхъ убгъууэ тепсэлъыхьащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъу» центрыр зэрызэрагъэпэщыжым. Япэ корпусым и къатитхуми унэ кIуэцI лэжьыгъэхэр щагъэзащIэ, абы къыдэкIуэу еханэ къатыр дращIей. Абы и фIыгъэкIэ центрым зи узыншагъэр щезыгъэфIэкIуэжхэм я бжыгъэм цIыху 50-кIэ къыхэхъуэфынущ, иджыпсту абы я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ зэуэ сабий 230-м. Мы илъэсым а Iуэхум «Доступная среда» программэмкIэ, республикэми и мылъку Iыхьэ гуэр хилъхьэу, сом мелуани 195-рэ трагъэкIуадэ. Илъэсыщlэм етIуанэ кормпусымрэ сабийхэм щеIэзэ къудамэмрэ зэрагъэпэщыжынущ. Абы сом мелуан 282-рэ хухахащ.

Центрыр куэд щIауэ къэгъэщIэрэщIэжын хуейт. Илъэс къэс Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм къикIыу мыбы я узыншагъэр щрагъэфIакIуэж сабий мини 3-м щIигъум.

«Лэгъупыкъур» илъэс псом лажьэ реабилитацэ центр телъыджэщ. Абы хэтщ узыншагъэр къыщапщытэ, щеIэзэ пэшу 26-рэ, клинико-биохимие лабораторэ. Абы къищынэмыщIауэ, Налшык и курорт щIыпIэм и хьэуа къабзэр, щIыуэпс минеральнэ псыр, ятIэ хущхъуэхэр зихуэдэ щымыIэщ.

ТыншыпIэм хуэщIауэ



Я гуащIэр къалъытэу

ЩэкIуэгъуэм и 3-м КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ республикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэ яIэу пэрыт лэжьакIуэ 50-м нэблагъэ.

ХАБЗЭУБЗЫХУ Iуэхущlапlэм и Унафэщl Егоровэ Татьянэ къызэуэсахэм псом япэу ехъуэхъуащ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ.

- Урысейм и тхыдэ напэкIуэцI нэхъыщхьэхэм ящыщ мы махуэшхуэм къегъэлъагъуэ цIыхубэр сыт щыгъуи Хэкум и гъащIэмрэ и тхыдэмрэ, абы и гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэмрэ ехъулIэныгъэ гъэщIэгъуэнхэмрэ пыщIауэ къызэрыгъэгурыкIуар. ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэращ Урысей къэралыгъуэр сыт хуэдэ зэманми къэзыхъумар. Хэкум и тхыдэ куумрэ абы и щIэин къулеймрэ ноби дагъэгушхуэ, ехъулIэныгъэщIэхэм, текIуэныгъэщIэхэм дыхущIагъэкъу. Ахэращ лъэпкъыбэ Урысейр нобэрей Iуэхугъуэ шынагъуэхэм дыпэщIэзыгъэтыфыр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Дрогушхуэ икIи ди щхьэр яхудогъэщхъ я адэжьхэм я хабзэм пащэу, нобэ псэемыблэжу ди Хэкум и къэкIуэнум щIэзэу ди щIалэхэм. ТекIуэныгъэр къахьауэ дэтхэнэри унэм икIащIыпIэкIэ къэкIуэжыну дыпоплъэ. МыхьэнэшхуэиIэщ дгъэлъапIэ махуэшхуэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрекIуэкIми. Хэкупсагъэрэ жэуапIныгъэрэ зыхэлъ, зи зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ щIыналъэм и зыужьныгъэм тезыухуа цIыхухэр зэрыдгъэлъапIэр щхьэусыгъуэншэкъым. КъБР-м и Парламентым и дамыгъэхэр зыхуэдгъэфэщахэм яхэтщ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэр: дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, ухуакIуэхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ, щIыуэпсыр зыхъумэхэмрэ библиотекэ лэжьакIуэхэмрэ. Ди дамыгъэр фи зэфIэкIым и щыхьэтщ. Шэч хэмылъу, дэтхэнэми езым и гъуэгу иIэжщи, абы ирокIуэ, ауэ псори зы дызыщIыр гурэ псэкIэ кхъухэтха IэщIагъэм дыхуэпэжыным дыззрыхущIэкъурщ. ФIыщIэ фхудощI ди республикэми ди къэралыгъуэшхуэми зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэфщIым папщIэ. Узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, фIыгъуэ куэд мы махуэм кыфхудэкIуэну, ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну си гуапэщ.

Урысей Федерацэм законодательствэмрэ парламентаризмэмрэ зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыр къалъытэу, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и дамыгъэ лъапIэр, «Парламентаризмэм зегъэужьыныммкIэ иIэ фIыщIэхэм папщIэ» жыхуиIэр, хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим.

КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъымрэ республикэм и хабзэубзыху Iуэхущlапlэм и Унафэщlым и Фlыщlэ тхылъымрэ ираташ Налшык къалэм и поликлиникэ №1-м, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэхэм, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, курыт еджапIэ зыбжанэм, район администрацэхэм я лэжьакIуэхэм, нэгъуэщI куэдми.

КъБР-м и Парламентым и депутат Алтуев Аслъэн КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым фIыщIэ хуищIащ, дамыгъэхэр къызэрыхуагъэфэщам псоми я гуащIэ хэлъу къызэрилъытэр къыхигъэщу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЦIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIакIуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц жыпхъэм тету хэтащ УФ-м и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

ЗЭIУЩIЭМ нэхъыщхьэу зыщыхэплъахэм ящыщщ «Гъащlэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэмрэ гъэзэщIа зэрыхъур.

«Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» къэрал проектым хыхьэу республикэм щаухуэ сабий садищ: цIыкIуищэ щIэхуэн хуэдэу Гундэлэнрэ Старэ Шэрэджрэ щащIкэр, сабии 140-м ятещIыхьауэ Бахъсэн къалэм щаухуэр. Къиммыдэкlэ, псори зэхэту сабий 500-м щакIэлъэплъыну сабий садиплI Налшык къалэм и «КъуэкIыпIэ» хьэблэм къыщрагъэжьащ. Ахэр яухуэ «ЩIыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал проектым тету.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхущlапlэу 50-м щIигъу - курыт еджапIэхэр, сабий садхэр, колледжхэр.

«Лышх узыфэм пэщIэтын» къэрал проектым хыхьэу ящI онкологие диспансерым и ухуэныгъэр и кIэм нагъэблэгъащ.

«Кавказ Ищхъэрэ къэрал округым зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ пащэ псы фIейр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэм, Тырныауз къалэм щащIым.

Къалэхэм ущыпсэуну тынш щIыным хуэгъэза зэIузэпэщ лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэну яубзыхуауэ щыта щIыпIэ 38-м щыщу 35-м ахэр щызэфIагъэкIащ.

Урысейпсо зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъыта проектищми йолэжь - Налшык къалэм и экстрим-паркым, Шэджэм и «Къалэм уиутIыпщыркъым», Май къалэм и «Парк Заря» жыхуиIэхэм.

«Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектым хыхьэу Налшык къалэм и псы къыщIэшыпIэ «Нэхъыщхьэр» зэрагъэпэщыж, апхуэдэуи псыкIэ къызэгъэпэщыным, къагъэсэбэпар Iушыным ехьэлIа объект 19-м йолэжь, абыхэм ящыщу 12-р мы гъэм яутIыпщынущ.

Мэкъумэш IэнатIэм ехьэлIахэм ящыщу «Къарэ-Суу - Бабугент - Къэщкъэтау» псы кIуапIэр ухуэн яухащ.

«ЩIыналъэ, щIыпIэ гъуэгухэр» проектым ипкъ иткIэ ятащ объекти 7, псори зэхэту километр 35-рэ къызэщIаубыдэу.

Дауи, абыхэм я закъуэкъым зи ужь дитыр, лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI икIи ахэр хуэунэтIащ республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ дэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм щытепсэлъыхьыжым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЗыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Бэлахъуэ Альберт Юрэ и къуэм - дзэ часть 35666-Б-м и штабым и унафэщIым - батальоным и командирым и къуэдзэм;

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Жаникаев Эльдар Суфян и къуэм - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм и уэрэджыIакIуэ пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист»

Василенкэ Татьянэ Борис и пхъум - «Баксанский вестник» газетым и редакцэ» муниципальнэ Iуэхущlапlэм жэуап зыхь и секретарым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Бэрбэч Беслъэн Алексей и къуэм - «ЦIыхухэм художественнэ щIэныгъэ етыным хуэгъэпса методикэ центр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Хьэмгъуокъу Мурат Аслъэнбий и къуэм - «Футболым щыхуагъасэ спорт еджапIэ» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущlапlэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м
№111-УГ

Адыгэ унагъуэм - адыгэ газетыр

2027 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм хуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр къызэIуахащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущlапlэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1192-рэ кIэпIейкIэ 62-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1087-рэ кIэпIейкIи 58-рэ.

Ди индексыр П5894



Зэкъуэтыныгъэрщ къэралым и къарур зыхэлъыр

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Советым хэтхэм ящыщу я гупсысэхэр, лъэпкъ Iэуху нэхъыщхьэхэр Президентым и пащхьэ щыжызыIахэм ящыщщ Сэхъурокъуэ Хьэутий:

«Си щхьэкIэ дызоIыгъ Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм теухуа Iуэхухэр дызыхуэкIуэ илъэсипщIым егъэкIуэкIыным теухуа жэрдэмыр, - жиIащ Сэхъурокъуэм - Сэ сызиунафэщI Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеем и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI зи гугъу тщIы унэтIыныгъэмкIэ. Абы къыдэкIуэуи, хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэми ядолажьэ, ди лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэмрэ щIэинхэмрэ хъумэным-кIэ Урысейм щалэжьхэм щыгъуазэу щытынымкIэ.

Мы махуэхэм ирихьэлIэу, «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» программэм ипкъ иткIэ, «Россотрудничество» агентствэмрэ Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министерствэмрэ я гъусэу Урысейм и щIыналъэ зыбжанэмрэ хамэ къэралихым - Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Европэм, Абхъазым - щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ зыхэта зэхыхьэ зыбжанэ едгъэкIуэкIащ: урыс-адыгэ зэпыщIэныгъэхэм я тхыдэ гъуэгуанэм дриплъэжащ, абы щыхьэт техъуэ тхыдэ щIыпIэ нэхъыщхьэхэм дыщыIащ. Хамэ къэралхэм къикIа хьэщIэхэми ди лъэпкъэгъу куэдми гъэщIэгъуэн ящыхъуащ урысхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр лIэщIыгъуитху хъуауэ зэрекIуэкIыр».

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыздэхуэсахэм щыжиIащ ди тхыдэм щыщ пычыгъуэ гуэрхэр. Грозный Иванрэ зи пхъур урыс пащтыхь гуащэ хъуа къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIа нэужь, адыгэ пщы куэд урыс пащтыхьым деж къулыкъу щащIэну кIуащ, чыристан диным ихьэу, Черкасскэ унэцIэр къэзыщтар ахэращ. XVIII лIэщIыгъуэм Урысей къэралыгъуэм и канцлер щэджащэ Черкасский Алексей ипхъу закъуэ Варварэ граф Шереметьев Пётр иритащ. А лъэпкъитIыр зэрызэрыубыдам и фIыгъэкIэ къалащхьэм и налкъутналмэсу къалъытэ Кусковэ хэщIапIэр къэунэхуащ.

Ди хьэщIэхэр Кусковэ нэмыщI, Кремлым и Оружейнэ палатэм, Архангельскэ члисэм, Новоспасскэ къулъшырыфым, Черкасскэ пщы лъэпкъхэм ящыщхэр зыщIэлъ Знаменскэ члисэм зэрыщыIар жиIащ Хьэутий.

- А гъуэгур абыхэм я дежкIэ «псэ зыIут тхыдэ» хъуащ, ди лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэм и къарур зыхащIащ, ар зэрахъумамкIэ ди адэжьхэм фIыщIэ хуащIащ. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытащ Урысейм и МИД-м и Уардэунэм щекIуэкIа зэIущIэр. Ар ди цIыхухэми хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэпсэлъэныгъэт. Дэ и гугъу тщIащ урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным, зегъэужьыным адыгэхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэм, лъэпкъыр, абы и бзэр, щэнхабзэр, хабзэхэр хъумэным Урысейр зэрелIалIэр къыпхуэмылъытэным хуэдиз лэжьыгъэшхуэу зэрыщытым, - дыщIигъуащ тхьэмадэм.

Абы жиIащ хамэ къэралхэм щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ зэрыщыIар, щIэныгъэлIхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ властым и къулыкъущIэхэм яхуэзэну, епсэлъэну Iэмал зэраIар, тхыдэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ зэрызрагъэлъэгъуар, республикэхэм я ехъулIэныгъэхэм зэрызыщагъэгъуэзар. Щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ советым щыщу Iуэхум хэта и лэжьэгъухэми.

Ди лъэпкъэгъу хьэщIэхэм жаIахэм ятепщIыхьмэ, ялъэгъуамрэ зэхахамрэ фIыкIэ ягу укъинэжащ, ди бийхэм зэбграгъэх псалъэмакъ мышыухэр мыхъуу, езыхэм Урысейм и щыIэкIэ-зыужьыкIэр я нэкIэ зэралъэгъуар гуапэ лей ящыхъуащ.

«Ди къуэшхэм ящыщ куэдым зыхащIащ Урысейр бийхэм трагъэIукIа гущIыIагъэ, пхъашагъэ зэрылъ къэралу зэрыщымытыр, атIэ абы и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ куэдым я хабзэхэр, лъапIэныгъэхэр, тхыдэ фэеплъхэр, щэнхабзэхэр хъумэным гулъытэ щыхуащI лъахэу зэрыпсэур. 2027 гъэм ди республикэр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 470-рэ ирокъу. Мы Iуэхум ди акъылэгъухэми ди ныкъуэкъуэгъухэми гулъытэшхуэ хуащIынущ. Иужьрей илъэсхэм долъагъу тхыдэр зэрыхуейуэ зэрахъуэкIыну, щхьэж и фейдэ зэрыхэлъым хуэдэу къагъэлъэгъуэну иужь итхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар, абы и Iыхьэ нэхъ фагъуэхэр къыхагъэщрэ напэкIуэцI пэжхэр, фIыкIэ гъэнщIахэр щIауфэну хэту.

А лэжьыгъэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIэгъэхуэбжьауэ ирагъэкIуэкI, ар псом япэу зыжьэхэуэр ди щIалэгъуалэрщ, гъащIэм и пIалъэр нэсу зэрамыщIэм, лъэпкъ гурыщIэхэм ирисондэджэрхэм зэрызыщамыхъумэфым къыхэкIыу.

Абы ипкъ иткIэ, Владимир Владимир и къуэ, уэри зэхэпхыу, захуэзгъэзэну сыхуейт ди тхыдэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм - урыс-адыгэ зэхущытыкIэхэм ятеухуа пэжыр, купщIэр къыщыгъэзэгъуа тхыгъэ, тхылъ зыбжанэ тхуагъэхьэзыру къытхудагъэкIыну. Шэч къытесхьэркъым абыхэм тхыдэр зэхэзыхъуэну иужь итхэм я лъэр зэрыщIиудынум, щIалэгъуалэ куэдым псоми ди зэхуэдэ Хэкушхуэм хуаIэ лъагъуныгъэр гъэбыдэнымкIэ сэбэп зэрахуэхъунум», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



● **ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр**



Ди Хэкур къулейщ лъэпкъхэм я щэнхабзэхэмкIэ

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм дигу кьегъэкIыж Урысейм и къарур абы щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрыарар. Къэбэрдей-Балъкъэрыр и щапхъэфIщ щэнхабзэ, хабзэ, бзэ зэхуэмыдэхэр зиIэ лъэпкъи 100-м щIигъур зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, зы унагъуэшхуэу зэрызэдэпсэуфынум.

МАХУЭШХУЭР республикэм и щIыналъэ псоми щагъэлъэпIащ. Дзэлыкъуэ районым щекIуэкIащ «Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ» зыфIаща зэхыхьэр. Дзэлыкъуэкъуажэ и утыку нэхъыщхьэм щагъэлъагъуэрт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэр - уэрэдхэмкIэ, къафэхэмкIэ, зэхуэсхэмкIэ.

Утыкум лъэпкъ пщIантIэхэр щагъэуват, гъуазджэм, щэнхабзэм щаIэ зэфIэкIхэр ягъэлъагъуэу. Фестивалым хэтхэм Iэмал яIащ лъэпкъ шхыныгъуэхэм, цIыхубэ IэщIагъэхэм зыщагъэгъуэзэну. ЦIыхуэхэр выджэру хэтащ къызэрагъэпэща джэгукIэхэмрэ зэпеуэхэмрэ - кIапсэкIэ зэпекъуным, хьэлъэ къэIэтыным, нэгъуэщIхэми. Нэхъ мыхьэнэ зиIэрати, мы Iуэхум ныбжь зэхуэмыдэхэм итхэм гушхуэныгъэ захригъэщIащ.

Май щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и гупэми цIыхушхуэ щызэхыхьащ, «Ди адэжь хахуэхэм я щIыхьым дрогушхуэ» зыфIаща Iуэхум зэхуишэсауэ. Абдеж щекIуэкIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным трауха псапэ жармыкIэр. Унэм щапщэфIа ерыскъы гуакIуэхэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъ Iэпщlэлъапщlагъэм щыщ хьэпшыпхэм щыщIэкIыжу ягъэлъагъуэ-ящэ псори зи Iэрыкlыр езы районым щыпсэухэрат. Утыкум щызэIуащэрт зауэлIхэм зэрызыщIауфэ хъыхэри. А лэжьыгъэм унагъуэ-унагъуэурэ еувалIэрт, псапэ Iуэхум я гуащIэ халъхьэмэ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм зыгуэркIэ сэбэп яхуэхъумэ, я гуапэу.

Щэнхабзэмкlэ унэм хьэщIэхэм папщIэ гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIырт, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ теухуауэ. Махуэшхуэм и мыхьэнэр къиIэтащ нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа артистхэр зыхэта концертышхуэм.

Налшык къалэм, Ныбжьыщlэхэм я театрым, щекIуэкIа лъэпкъ щэнхабзэ фестивалри траухуащ. ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм. Мыбдеж щагъэлъэгъуащ лъэпкъ фащэхэмрэ республикэм и Iэпщlэлъапщlэхэм я Iэдакъэщlэкlхэмрэ. ТЮЗ-м къекIуэлIахэр хагъэгъуэзащ актёр Iэзагъымрэ утыкур зэрагъэдахэ щIыкIэм зэрелэжьымрэ.

Тэрч районым Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIа зэхыхьэм «Тэрчыр зэныбжьэгъугъэм и псыежэхщ» фIэщыгъэр иIащ. Махуэшхуэ концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ щIыналъэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. Хьэщlэу яIащ Май районым цIыхубэ уэрэдымкIэ и «Станица» ансамблыр. ЦIыхухэр едэIуащ зэныбжьэгъугъэм, Урысейм, Хэку цIыкIум теухуа уэрэдхэм, еплъащ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэм, волонтёрхэм къызэрагъэпэща «Гуапагъэм и жармыкIэ» Iуэхум зэдыхэтащ.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ипэ къихуэу, Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и управленэм, хабзэ дахэ хъууэ, иригъэкIуэкIащ сурэт щIынымкIэ зэпеуэ. Абы хэтащ сабий садхэм я гъэсэнхэмрэ районым и школхэм щеджэхэмрэ. Ныбжьыщlэхэм утыку кърахьащ лэчрэ къэрэндащкIэ ящIа сурэтхэм къыщыщIэдзауэ тхьэвшыугъэм, ятIагъуэм, нэгъуэщI щIыуэпс пкъыгъуэхэм къыхащIыкIа хьэпшыпхэм щыщIэкIыжу. Сабийхэм я сурэтхэм яхэплъагъуэрт Урысейм и картэр, 1612 гъэм екIуэкIа тхыдэ Iуэхухэр, къэралым и иджырей дамыгъэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр, щалъхуа щIыпIэм и дахагъэр, лъэпкъ фащэхэр зыщыгъ гуащэхэр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я нэщэнэхэр. Зэпеуэм къыхэжаныкIа псоми Егъэджэныгъэмкlэ управленэм яритащ щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ. Къызэгъэпэщакlуэхэм къыхагъэщащ сабийхэм къагъэлъэгъуэн хуейуэ щыта Iуэхум жэуаплыныгъэрэ гукъыдэжрэ яIэу зэрыбгъэдыхьар.

Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и етIуанэ школым и еджакIуэхэм махуэшхуэм теухуауэ ящIащ Урысейм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм я теплъэр зэралъагъур. Абы школакIуэхэм ягу къигъэкIыжащ дызэрызэщхьащыкIыр, ауэ, дызэкъуэтмэ, дызэрылъэщыр.

Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ №4-м къыщызэрагъэпэщат «Урысейм и лъэпкъхэм я къафэхэр» зэхыхьэр. Абы хэтащ школым и 1-нэ классым къыщыщIэдзауэ 11-нэм нэс щIэс псори. Мурадыр зыт - лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэн, щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъун, я Хэкум иригушхуэу, Урысей Федерацэм щыпсэухэм я хабзэхэм хуэфащэ пщIэ хуащIу гъэсэн. Пшыхьым щагъэзэщIащ лъэпкъхэм я шыфэлIыфэр къэзыгъэлъагъуэ къафэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Утыкур «къызэщIагъаплъэрт» адыгэ, урыс, тэтэр, башкир къафэхэм. Мыпхуэдэ Iуэхухэм къалэнышхуэ ягъэзащIэ, сабийхэм зэныбжьэгъуу, пщIэ зэхуащIу къэтэджынымкIэ.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, Урысейм и музейхэр флешмобым зэдыхэтащ. Бахъсэн муниципальнэ районым и Тхыдэ-лъахэхутэ музейм къыхилъхьа Iуэхум и гупсысэ нэхъыщхьэу щытар къэралым щыпсэухэм дэтхэнэри махуэшхуэмкIэ и анэдэлъхубзэкIэ ехъуэхъунырт. Абы къыхыхьащ Волгоград, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Къалмыкъ, Шэшэн, Дагъыстэн, Железноводск щIыналъэхэм, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ районхэм щылажьэ лъахэхутэ музейхэр.

«Ди къэралыр къулейщ абы щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмкIэ, хабзэхэмкIэ, бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Мы махуэшхуэм теухуа хъуэхъухэр зэмыщхьу къэIуну дыхуейт. Музейхэм щылажьэхэм фIыщIэ яхузощI ди жэрдэмыр къызэрыддалыгъам папщIэ», - жиIэ Бахъсэн районым и Тхыдэ-лъахэхутэ музейм и унафэщI Шакъ Миланэ.

Бахъсэн щIыналъэм и юнармейцхэр Iуащхьэмахуэ районым и школакIуэхэм я гъусэу хэтащ Зеикъуэ къуажэм дэт «Бгырыс нэщхъей» фэеплъым деж щекIуэкIа хэкупсэ Iуэхум. Мы фэеплъыр зытеухуар Хэку зауэшхуэм хэкIуэда лIыхъужьхэрщ. Ныбжьыщlэхэм абдеж жыгыщIэхэр щыхасащ, щIыпIэр ягъэкъабзащ.

Махуэшхуэм хыхьэу екIуэкIащ «Русская кухня» фестивалымрэ «Ныбжьыщlэ Iэпщlэлъапщlэхэм я школ» щIалэгъуалэ зэхыхьэмрэ. ЩIалэгъуалэм яIущIащ Бахъсэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдибрэ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артуррэ. Хьэщlэхэм лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ япежьащ, абыхэм я пщэфIыкIэм щагъэгъуэзащ. Махуэшхуэм пащэу, ЩIалэгъуалэ центрым «IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэм я школ» зэхыхьэр къыщызэIуахащ. Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Абрэдж Iэдиб къыхигъэщащ тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр, цIыхубэ Iэщlагъэхэр щIэблэхэм яхуэхъумэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр, езы щIалэгъуалэми лъэпкъ хабзэхэм пащэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ къалэн щхьэхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр.

Ахъмэт Артур жиIащ щIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъыным, я зэфIэкIым зегъэужьыным, республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр хъумэным теухуа лэжьыгъэм зригъэубгъунымкIэ министерствэм хузэфIэкI къызэримыгъанэр.

Мы махуэхэм екIуэкIа Iуэхугъуэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, зэкъуэтыныгъэр ди къэралыр нэхъ лъэщ зыщI хабзэхэм ящыщ зыщ, ди тхыдэр, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр хъумэным дезыгъэгупсысщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.





● ЩIыналъэхэм къыкIыу

ЕтIанэгъэ щIадзэнущ

Бахъсэн районым и къуажэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэр 2027 гъэм зэIузэпэщ ящIынущ «Гъащlэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, къитащ иджыблагъэ щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм.

ЗЭIУЗЭПЭЩЫНЫГЪЭ лэжьыгъэхэр здыщекIуэкIыну жылэхэм хиубыдэнущ Кременчуг-Константиновскэр, Къулъкъужын Ипщэр, Бахъсэненкэр. Пэхуэщlэхэр хуэгъэпсащ къуажэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, тыншыпIэхэр къахузэгъэпэщыным, гъащIэм жыджэру хэгъэтыным.

Кременчуг-Константиновскэ къуажэм щелэжьынущ Щэнхабзэмкlэ унэм къедза щIыпIэм. Мыбдежым иджырей лъэс лъагъуэхэр щащIынущ, уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ екIуэкIыу щагъэувынущ. Абы иужькIэ, щIыпIэм теплъэ дахэ иратынущ, къуажэдэсхэм зыщагъэпсэхун, ахэр щызэхуэзэн, Iуэхугъуэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкIыфын хуэдэу.

Къулъкъужын Ипщэм лэжьыгъэхэр щызэхаублэнущ курыт еджапIэ №2-м къедза щIыпIэм. Мыбдежми еджакIуэ цIыкIухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэрагъэпэщу лъэс лъагъуэхэр зыхуей щыхуагъэзэнущ, тетIысхьэпIэхэр щагъэувынущ.

Бахъсэненкэ къуажэм и парк цIыкIуми зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр ирагъэгъуэтынущ. Пэхуэщlэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, цIыхухэм къыщакIухьын лъэс лъагъуэщIэхэр абы щыпхашынущ, жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасэнущ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, тетIысхьэпIэхэри щагъэувынущ, къуажэдэсхэм кIуапIэ ар яхуэхъун, зыщагъэпсэхун хуэдэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къуажэхэм я теплъэр нэхъ дахэ зэращIым къыдэкIуэу, цIыхухэм я псэукIэри ирагъэфIакIуэ, я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ, тыншыпIэ ирагъэгъуэт, щыжаIащ район администрацэм.

Гъуэгухэмрэ цIыху зэхуэсыпIэхэмрэ

2027 гъэм Тэрч районым и Тэрч - Арыкъ - Куян щIыналъэ автомобиль гъуэгур, километр 14-м щIигъу зи кIыхьагъыр. къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ. Лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэнущ абы и Iыхьищ.

ЯПЭР, Тэрч къалэм къыщегъэжьауэ Псыншокъуэ къуажэм щыбгъэшым нэсыхущ. Абы километри 5-м щIигъу и кIыхьагъщ. Мыбдежым асфальтыщIэ гъуэгум щытралъхьэнущ, дамыгъэхэр къыщыхагъэщхьэхукIынущ.

ЕтIуанэр Арыкъ къуажэм и гъунапкъэр къызэщIэзыубыдэмрэ абы хуэкIуэмрэщ. Километри 5,3-рэ зи кIыхьагъ а гъуэгум асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тIуащIэу щытралъхьэнущ, къедза лъэс лъагъуэхэр зыхуей щыхуагъэзэнущ, уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, псы ежэхыр зэрылъадэ бжьамийуэ 4-р щыIэ мардэм хуагъэкIуэнущ.

Апхуэдэуи къуажэ щIыпIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьынымкIэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ километри 4,1-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур къагъэщIэрэщIэжынущ. Абдежми, асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тIуащIэу щытралъхьэнущ, гъуэгу дамыгъэхэмрэ къэухьхэмрэ щагъэувынущ.

Лэжьыгъэхэм пэрыхьэнущ етIанэгъэ гъатхэм.

Иджыблагъэ Плановскэ къуажэм иIэ хъуащ къуажэдэсхэм зыщагъэпсэхун, къыщакIухьын иджырей щIыпIэ зэпэщ. Ар яухуащ «Гъащlэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи метр зэбгъузэнатIэу мини 4-м щIигъу мэхъу ар.

Лэжьыгъэхэм хыхьэу лъэс лъагъуэщIэхэм асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тралъхьащ, аллеехэр ящIащ, тетIысхьэпIэхэр кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр, къэухьхэр щагъэуващ, уэздыгъэхэр щыпадзащ.

Къуажэдэсхэм я псэукIэр ирагъэфIакIуэу яхуа щIыпIэ дахэм жылэм и Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щебгъэкIуэкI хъунущ, щыжаIащ щIыпIэ администрацэм.

Шэрэдж уэрамхэр

Иужьрей илъэситхум къриубыдэу Шэрэдж щIыналъэм и автомобиль гъуэгуу километр 60-м щIигъу къагъэщIэрэщIэжащ. Лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, къуажэхэм я транспорт зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, Къэщкъэтау Уянаевымрэ Будаевымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр, Залихановым и уэрамми щыщ Iыхьэ гуэр къызэщIрагъэубыдэу, къагъэщIэрэщIэжащ. Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Бабугент къуажэм Башиевым и цIэр зезыхьэ, Балъкъэр Ипщэм – Холамскэ, Кадыровымрэ Черкесовымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр, Мухол хьэблэр.

Километри 2,8-рэ зи кIыхьагъ Бабугент - Мехлесхоз автомобиль гъуэгури зыхуей хуагъэзащ.

Абыхэм нэмыщI, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ километр 17 зи кIыхьагъ Шэрэдж Ищхъэрэ - Жэмтхэлэ - Сукан-Су щIыналъэ автомобиль гъуэгури. Апхуэдэуи зыхуей хуагъэзащ Безенги къуажэм и уэрамхэри, Къэщкъэтау - Аушыджэр автомобиль гъуэгум щыщу поликлиникэм хуэкIуэри.

ЖЫЛЭХЬЭЖ Артур.

Нэхъыфlхэм хабжэ

«Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр, УФ-м и Президентым къащищIа къалэнхэр Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ зэрыщагъэзащIэм теухуауэ щIыналъэхэм я зэIущIэ Минводы къалэм щекIуэкIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм я пашэу щытащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей. Абы щIыгъуащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и дэIепыкъуэгъу Емкъуж Залымхъан, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI Богацкая Севиль, КъБР-м «Си хьэрычэт Iэнатlэ» центрым и тхьэмадэ Афlэунэ Ахьмэд сымэ, хьэрычэтыщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

«Урысей экспорт центр» АО-м и вице-президент Молодцов Александр зэIущIэм щищIа докладым къыщыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортымкIэ хэхъуэфIхэр зэриIар (процент 31-рэ) икIи Кавказ Ищхъэрэм щынэхъыфIиплIым зэрахыхьэр, Шэшэн республикэм (проценти 171-рэ), Ингушым (процент 43-рэ), Дагъыстэным (проценти 5) ящIыгъуу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Аргуэру къыпэщIоувэ

Тхьэмахуэ кIуам Спортымкlэ арбитраж судым Хоккеймкlэ дунейпсо федерацэм (IIHF) къалэн щищIащ Урысейм и гуп къыхэхахэр дунейпсо зэпеуэхэм хэтыну уитыныгъэ ямыIэу тралъхьа тезырыр трахыжыну.

ШВЕЦИЕМ, Финляндием, Чехием, Норвегием, Латвием, Данием хоккеймкIэ я лъэпкъ гуп къыхэхахэм 2027 гъэм Германием щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым Урысейм щыIущIэну зэрыхуэмейр къагъэлъэгъуащ.

«Дэ къыдолъытэ Украинэм дзэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкIыху Урысейр дунейпсо чемпионат псоми пэIэщIэ щIын хуейуэ. Ди еплъыкIэми зихъуэжынукъым», - къыщыгъэлъэгъуащ Норвегием хоккеймкIэ и ассоциацэм къита хъыбарым.

Спортымкlэ арбитраж судым и унафэм арэзы техъуакъым Канадэри. А къэралым и премьер-министр Марк Карни къыхигъэщащ Канадэм и Альберт хэгъэгум щекIуэкIыну щIалэгъуалэ дунейпсо чемпионатым хэтыну урысей спортсменхэм визэхэр зэрырамытынур.

Урысейм спортымкIэ и министр Дегтярев Михаил жиIащ къэралым и командэ къыхэхар зыхэт зэIущIэхэр къызэпызыудыну зи мурад къэралхэм зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну хуитыныгъэр яфIэкIуэдынкIэ зэрихъунур, а Iуэхум теухуа тхыгъэхэр Дунейпсо олимп комитетым зэрыритынур.

Зэгурыlуэныгъэм хуэкlуэрэ?

«Украинэм щекIуэкI зауэр дызыхуэкIуэ мазэхэм иухынущ. Ар сэ си Iуэху еплъыкIэщ. Псоми я къарури я гуащIэри щIихащ, ешахэщ. Ар къагурыIуэн щIадзащ европей къэралхэми», - щыжиIащ Белоруссием и Президент Лукашенкэ Александр Минск щызэхэта, евразие шынагъуэншагъэмкIэ IV дунейпсо конференцым.

АПХУЭДЭУ абы Москварэ Киеврэ зэпсэлъэныгъэхэр щрагъэкIуэкIын щIыпIэу яхуигъэлъэгъуащ Минск къалэр. Лукашенкэ Александр жиIащ 2022 гъэм а къэралитIым тхьэмахуэ зыбжанэм къриубыдэу зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэфыну зэрыщытар, ауэ къуэпIэ къэралхэр Iуэхум къыхихьа нэужь икIи Украинэр адэкIи IэщэкIэ къызэрагъэпэщын щыщIадзэжым, а Iэмалыр зыIэщIагъэкIащ.

Нэхъапэ IуэкIэ США-м и Президент Дональд Трампи жиIащ дзэ зэпэщIэувэныгъэхэм къэкIуэну гъунэгъум кIэух иIэнкIэ зэрыхъунур, ауэ Къэрал департаментым къызэрилъытэмкIэ, лъэныкъуитIыр зэгурыIуэныгъэм хуэкIуэу жыпIэныр зэкIэ пасэщ.

НОБЭ

♦ **Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр зауэ щекIуэкIым дежкъэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**.

♦ **1857 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и дзэ къулыкъущIэ, маршал, зыхъумэжыныгъэмкIэ, хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министру щыта **Абыкъу Ахьмэд-пэщэ**.

♦ **1936 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд**.

♦ **1953 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быж Зарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 25-рэ. Абыхэм ящыщу 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 15-р щIалэщ.

ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 103-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7335-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм и хозяйственнэ Iэнатlэм и унафэщI **Нэгъуей Анатолэ Iэдэм и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Нэгъуей Мэрал Гъумар и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псалъэ бутIыпщам аркъэн кIэлъумыдзыж.

Экономикэр зэрефIакIуэм и нэщэнэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и еханэ зэхыхьэгъуэм и IX зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIам и гугъу щащIащ «Технологиер ерыскъы шынагъуэншагъэм и щIэгъэкъуэнщ лъэпкъ проектыр ди щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэм дежкIи шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрызыкъызэригъэпэщыжымкIи лъабжьэщ» жыхуаIэм.

● Жылагъуэ палатэ



ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къалэхэмрэ районхэмрэ щиIэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр.

Япэу псалъэ иратащ КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ Къалмыкъ Алим.

- 2025 гъэм щIышылэм и 1-м къыщегъэжьауэ Урысей Федерацэм «Технологиер ерыскъы шынагъуэншагъэм и щIэгъэкъуэнщ» лъэпкъ проектыр щагъэзащIэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр - къэралым и мэкъумэш IэнатIэр, зэрыщыту къатщтэмэ, технологие и лъэныкъуэкIэ и къызэгъэпэщыкIэр егъэфIэкIуэнырщ, къыщрахьэлIэжым и бэвагъым нэхъри хэгъэхъуэнымкIэ щытыкIэ зэгъхэр къыщыхузэгъэпэщынырщ, технологиемрэ производствэм ирахьэлIэмрэ яхуэгъэзауэ нэгъуэщI къэралхэм кърашхэр нэхъри гъэмэщIэнырщ, - жеIэ Къалмыкъым.

Министрым и къуэдзэм къызэрыхигъэщымкIэ, зи гугъу ящI лъэпкъ проектыр зыхуэгъэзар УФ-м и цIыхухэр зыхуей ерыскъыгъуэхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэща зэрыхъуным и закъуэкъым, атIэ къэралым технологиещIэхэм гъуэгу щрату, Iуэхум хуэIэижь IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыру, а псоми къадэкIуэу, Хэкум и мэкъумэш IэнатIэм, зэман кIыхьым тещIыхьауэ, зегъэужьынырщ.

«Технологиер ерыскъы шынагъуэншагъэм и щIэгъэкъуэнщ» лъэпкъ проектыр Iыхьитхуу гуэшащ: селекциемрэ генетикэмрэ елэжьын, биотехнологиехэм зегъэужьын, Iэщ дохутырхэм къагъэсэбэп хущхъуэгъуэхэр нэхъыбэ щIын икIи егъэфIэкIуэн, мэкъумэш IэнатIэр техникэкIэ ирикъуу къызэгъэпэщын, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын.

Илъэс куэдкIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэмрэ мэракIуэ къэзытхэмрэ щыхэсэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м япэ ит и щIыналъитхум хеубыдэ. А унэтIыныгъэмкIэ ди хэгъэгум илъэс къэс гектар миным щIигъу щыхасэ.

2026 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу, республикэм а щIыкIэм тету щыхасар, псори зэхэту, гектар мин 29,7-рэ хъурт. Илъэсым и кIэ пщIондэ абыхэм иджыри гектар мин 1,8-рэ къахэхъуэнущ.

Республикэм мы зэманым къэгъэкIыпIэу (питомникыу) 17 итщи, абыхэм, псори зэхэту, 2025 гъэм мыIэрысей жыгыщIэу мелуани 4,2-м нэблагъэ къатащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэцэпэцэу, абы нартыхури хэтыжу, илъэс къэс тонн мелуаным щIигъу къыщрахьэлIэж. Нартыху жылапхъэу щагъэхьэзырым процент 25-кIэ къахэхъуащ. Апхуэдэу, 2025 гъэм кърикIуам тетщIыхьмэ, зи гугъу тщIы гъавэм щыщу къыщрахьэлIэжар тонн мин 15-м нызэрыхьэсащ. Дызэрыт илъэсым и кIэм ирихьэлIэу а бжыгъэр тонн мин 16 хъуну хуагъэфащэ.

2020 гъэм ди щIыналъэм, псори зэхэту, хадэхэкIыу къыщрахьэлIэжар тонн мин 318,6-м нэблэгъамэ, 2025 гъэм а бжыгъэр тонн мин 466,8-м нызэрыхьэсащ, нэгъуэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, процент 46-кIэ хэхъуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэфIхэр щIыналъэм зэрыдиIэр псом хуэмыдэжу и фIыщIэщ псыщIэгъэлъадэ Iэмалхэр нэхъыбэу къагъэсэбэп зэрыхъуам.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу банкIхэм иралъхьэхэмкIэ (консерв ящIхэмкIэ) ди республикэм илъэс зыбжанэ щIауэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм япэ увыпIэр щиIыгъщ. ИкIи, а щIыкIэм тету 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхьэзыра консервхэм я бжыгъэр мелуан 356,8-м щыщIигъуащ. Ар, 2020 гъэм кърикIуам етлъытмэ, процент 11,5-кIэ нэхъыбэщ.

2025 гъэм и бжыгъэхэм ятетщIыхьмэ, ди хэгъэгум къыщрахьэлIэжащ, щыпсэухэм къащыхуэгъэсэбэпынум елъытауэ, пхъэщхьэмыщхьэу процент 777,2-рэ, гъавэхэкIрэ хъарбыз-хъэуану проценти 157,5-рэ, хьэцэпэцэу проценти 119,9-рэ, лырэ лыхэкIыу проценти 143,5-рэ, шэрэ шэм къыхащIыкIыу (кхъуей, шатэ, шху хуэдэхэр) проценти 146-рэ.

- А зэгъэпщэныгъэм пытщэмэ, гъэ блэкIам республикэм кIэртIофу къыщрахьэлIэжар процент 80,8-мэ, джэдыкIэу къыщрахар процент 93,6-мэ, дызыхуэкIуэ илъэс зытIущым кърихубыдэу абыхэмкIи проценти 100-м дызэрыщхьэдэхыфынум шэч къытетхьэркъым, - къыпещэ и псалъэм министрым и къуэдзэм.

«Технологиер ерыскъы шынагъуэншагъэм и щIэгъэкъуэнщ» лъэпкъ пэхуэщIэм и щIыналъэ Iыхьэу щыт «Мэкъумэш IэнатIэм - IэщIагъэлIхэр» жыхуиIэр гъэзэщIэным КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр 2026 гъэми иужь итщ. Проектыр зыхуэгъэзар мэкъумэш-промышленнэ IуэхущIапIэхэм щылэжьэфын цIыхухэр гъэхьэзырынырщ. АбыкIэ щIэгъэкъуэныфIу къыщIэкIащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр. Абы и зы Iыхьэщ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу а Iуэхум хуэгъэзауэ республикэм ахъшэ къызэрыкIуэр.

«Егъэджэныгъэм телажьэ ухуэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымрэ агротехнологие классхэр къызэгъэпэщынымкIэ» унэтIыныгъэм ипкъ иткIэ, 2025 гъэм къыщегъэжьауэ республикэм и курыт еджапIэхэм я деж илъэс етIуанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ агротехнологие классхэр. Абы папщIэ а Iуэхур гъэзэщIэныр зи пщэ дэлъ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым сом мелард 1,5-рэ къыхуаутIыпщынущ.

«Агроклассхэм щезыгъаджэхэм - улахуэ» жыхуиIэ етIуанэ унэтIыныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, а Iуэхум еувалIэ дэтхэнэ гъэсакIуэми, адрей и лэжьапщIэм дэщIыгъуу, сом мин 30 ирату щIадзащ. Зи IэщIагъэм хэзыщIыкI гъэсакIуэхэм я апхуэдэ улахуэр къыхокI федеральнэ, щIыналъэ бюджетхэм. 2025 гъэм кърихубыдэу мы Iуэхум хухахар сом мелуанитIым щIигъуащ. 2026 гъэм а бжыгъэр, псори зэхэту, сом мелуани 4,62-м нагъэблэгъэнущ, къэдгъэлъагъуэмэ, бюджетхэу федеральнэм къыхэкIыу сом мелуани 4,57-рэ, республикэм ейм - сом мелуан 0,05-рэ къахэкIыу.

Ещанэ унэтIыныгъэу «Практикэм текIуадэр пшынын» жыхуиIэм ипкъ иту, илъэс екIуэкIым и фокIадэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щеджэхэм ящыщу цIыху миным нэблагъэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхукIэ республикэм и предприятэхэм, мы Iуэхум пыщIа къинэмыщI IэнатIэхэм ягъакIуэ.

УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэ Абдулхаликов Рустам зэрыжиIэмкIэ, зытепсэлъыхь лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ езыр щылажьэ IуэхущIапIэм унэтIыныгъэу 6-мкIэ къэхутэныгъэ-къэпщытэныгъэхэр ирегъэкIуэкI. Абыхэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ зратыр хьэцэпэцэ, кIэртIоф жылапхъэу республикэм щагъэхьэзырыр егъэфIэкIуэнырщ. А Iуэхур зрагъэхъулIэн хьисэпкIэ ди щIыналъэм щызэрагъэпэщыжащ жылапхъэхэр щызэхадзыж заводри, а лэжьыгъэм пыщIа мэкъумэш техникэри къыщагъэщIэрэщIэжащ.

- Ди институтым и IэщIагъэлIхэм, щIэныгъэр я тегъэщIапIэу, Май районым щыIэ «Ленинцы» мэкъумэш зэгухьэныгъэм деж щрагъэкIуэкI Iуэхухэр хуэунэтIащ губгъуэм нэхъ щаIыгъ Iэщышхуэхэм ящыщу «жэм плъыжь» зыфIащар егъэфIэкIуа зэрыхъуным, «къэрэшей лъэпкъыгъуэ» жыхуаIэ Iэщыр зищIысыр джыныр, шы гъэхъуным ехьэлIауэ къэдгъэлъагъуэмэ, адыгэшыр спорт зэхьэзэхуэхэм хагъэтынымкIэ къэрал зэхуаку паспорт хузэгъэпэщынырщ, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Абдулхаликовым.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм къыщIигъэкIым шынагъуэншагъэ къыхузэгъэпэщынымрэ и фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ и федеральнэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Жэмыкуэ Жаннетэ.

- 2026 гъэм и япэ мазибгъум къудамэм и IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм хыхьэу, мэкъумэш IэнатIэм къыщIигъэкIым щыщу тонн мелуан 1,68-р карантиным щIагъэкIри, фIагъым зэрыхуэкIуэр зэхагъэкIащ, гъэтIылъыпIэрэ хъумапIэу щIыналъэм итхэм ящыщу кубометр мин 314,9-рэ къызэщIэзыубыдэр ягъэкъэбзащ, лэжьыгъэм тещIыхьа автотранспорт зэмылIэужьыгъуэу 783-р мардэм зэрыхуэкIуэр зрагъэщIащ. Мэкъумэш IэнатIэм къитым щыщу Ираным, Иракым, Азербайджаным, Тыркум, Армением, Къэзахъстаным, Куржым, нэгъуэщIхэми ирагъашэхэмрэ ди деж къыщагъэсэбэпхэмрэ а щIыкIэм тету щIаплъыкIащ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазибгъум къриубыдэу, филиалым къыхуаутIыпщащ япэ щIэплъыкIыгъуэм пхагъэкIа продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэм я пыдзахуэу (пробэу) мин 23 760-р. А псом япкъ иткIи къэпщытэныгъэу 70 631-р ди деж щрагъэкIуэкIащ, - къыхигъэщащ Жэмыкуэм.

УФ-м Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и IэнатIэм (Россельхознадзор) Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ щиIэ къудамитIми и унафэщIым и къуэдзэ Конограй Вячеслав зэрыжиIэмкIэ, 2026 гъэр къызэрихьэрэ КъБР-м къыщызэрагъэпэща къэрал ветеринар щIэплъыкIыныгъэхэм ящыщщ:

- ирагъэтIылъэкI мыхъуну щIэплъыкIыныгъи 3 зэрыщрагъэкIуэкIар;

- зи гугъу ящIым пыщIа IуэхущIапIэу 107-м щылажьэхэм фIэкIыпIэ зимыIэу къыхуагъэувхэм ебакъуэ зэрымыхъунур къызэрыгурагъэIуар;

- асыхьэтым я Iуэху зыIутыр зэхагъэкIын папщIэ, абыкIэ хъыбар ирамыгъащIэу, IэнатIэхэм 241-рэ зэрыкIуар;

- а щIыкIэм тету щIапщытыкIа IуэхущIапIэу 7-м къуаншагъэ зэраIэщIэкIым ехьэлIауэ зэретхьэкъу-зэрагъэпшынэ тхылъхэр зэрыIэрагъэхьар.

Республикэм ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр щызыгъэхьэзыру ит IэнатIэхэм, сату IуэхущIапIэхэм, сымаджэщхэм, курыт еджапIэхэм хуагъэлъагъуэ шхыныгъуэхэр фIагъым зэрыхуэкIуэр зэхэгъэкIыным ехьэлIауэ зи гугъу тщIа къудамэм и IэщIагъэлIхэм къэрал щIэплъыкIыныгъэ-къэпщытэныгъэхэр къытригъэзэжурэ ирегъэкIуэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIа зэхуэсышхуэм щыжаIам тещIыхьауэ унафэ къащтащ. А Iуэхум ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра дэфтэрхэр КъБР-м и Правительствэм, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм къыщIигъэкIым шынагъуэншагъэ къыхузэгъэпэщынымрэ и фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ и федеральнэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и къудамэм, УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и институтым, УФ-м Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и IэнатIэм (Россельхознадзор) Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ щиIэ къудамэм Iэрагъэхьэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дыгъуасэмрэ нобэмрэ зэзыпх тхылъ

● Щэнхабзэ

Тхыдэхутэр Iэмалыншэу зы Iуэхугъуэ жьэхоуэ: блэкIам къыхэна къэхъукъащIэм и пэжыр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ теплъэгъуэхэр нэсу зэфIэгъэувэжынымрэ абы игъуэтыну къэIуэтэкIэмрэ. Тхыдэ къэхъукъащIэхэм я кIапэ утеувэным, ар зэрыщытам хуэдэу къэпIуэтэжыным мыхьэнэшхуэ иIэщ: ар, япэрауэ, зы лъэныкъуэ гуэр щIэрыщIэу зэпкърызыплъыхь бгъэдыхьэкIэу щытынущ, етIуанэрауэ, нэхъапэкIэ жамыIа гупсысэкIэщIэу утыкум къихьэнущ. Iуэху бгъэдыхьэкIитIыр зэхэухуэна щыхъум деж, къэхутэныгъэр щIэщыгъуэ хъум и закъуэкъым, атIэ нэгъуэщI Iуэхухэр къетIэщIри, щIэныгъэм зыужьыпIэ зэрыхуэхъум шэч хэлъкъым.



АПХУЭДЭЩ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа тхылъыр. «Ботэщейм и тхыдэ напэкIуэцIхэр. XVIII - XX лIэщIыгъуэхэр» - аращ зэреджэр Беслъэней Владимир и Iэдакъэ къыщIэкIа къэхутэныгъэм. Тхылъым и фIэщыгъэм къызэрыхэщщи, ар зытеухуар Джылахъстэней щIыналъэм и щыхьэрибгъум языхэзу Ботэщей адыгэ къуажэжьырщ, абы иужьрей илъэс щищым къызэпича тхыдэ гъуэгуанэрщ, щыпсэуа икIи щыпсэу и цIыху гуащIафIэхэм къуажэм, щIыналъэм, хэкум хуащIа хэлъхьэныгъэрщ. Мыбдеж занщIэу къыщыхэгъэщын хуейщ а тхылъ тедзапIэм Беслъэней Владимир джылахъстэней къуажэ зыбжанэм я тхыдэр къыщызэщIикъуэж нэгъуэщI лэжьыгъэхэри къызэрыщыдэкIар, дэтхэнэми гулъытэ щхьэхуэ зэрахуэфащэр.

Тхылъыр зи къалэмыпэ къыщIэкIа Беслъэней Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм фIыуэ къыщацIыху журналистщ, тхыдэтхщ. Беслъэнейм щIыналъэм къыщыдэкI «Тэрч» газетым и унафэр илъэс IэджэкIэ зэригъэкIуащ, зыпэрыта IэнатIэм и фIыгъэкIэ цIыху куэдым яIущIэнуи, епсэлъылIэнуи Iэмал хъарзынэхэр иIащ. Щалъхуа Тэрч щIыналъэм и тхыдэр емышыжу къетIэщI, къытщIэхъуэ щIэблэр зэрыгушхуэн къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр ирегъэкIуэкI. Беслъэнейм хуэдэу зы щIыналъэм и къекIуэкIыкIар зэфIэгъэувэжыным иужь ита, ар лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу къэзыхута щыIэу къыщIэкIынкъым. Ботэщей къуажэм, нобэ Плановскэ фIэщыгъэр зезыхьэм, теухуар апхуэдэщ. IыхьипщIу зэхэт лэжьыгъэм къэхутакIуэм иригъэзэгъащ Ботэщей жылэм къежьапIэ хуэхъуам, нобэ щыпсэу щIыпIэм къызэритIысхьа щIыкIэм, абы хьэблэ-хьэблэу зэрызиугуэшам теухуа Iуэхугъуэхэр. Гуапэ мыхъуу къанэркъым тхылъым къуажэр зыгъэтIыса, дыжьыныгъуэ уэркъ цIэр зиIа Ботэщхи гулъытэншэ зэримыщIыр, абыхэм я фIыщIэмрэ фэеплъымрэ IэщIыб мыхъуу иджырей цIыхухэм я пащхьэ зэрырилъхьэр. Беслъэнейм гъэщIэгъуэну зэпкърихащ мэкъумэш IэнатIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр, тепсэлъыхьащ Жэпуэгъуэ революцэмрэ Граждан зауэмрэ цIыхум къахуихьа фIымрэ щыщIэныгъэхэмрэ.

Ауэ гулъытэ хэха зыгъуэтар къуажэм и цIэр «Плановскэ» жаIэу зэрахъуэкIыу гъащIэщIэм хича лъэбакъуэм къыщежьэ тхыдэрщ. Мы лъэхъэнэм ехьэлIа архив тхылъымпIэхэр куэду щыIэщ, ауэ, нэхъыщхьэращи, блэкIа гъунэгъур фIыуэ зыщIэж цIыхухэр ноби къытхэтщ. Архивымрэ гукъэкIыжхэмрэ хьэлэмэту щызэхэухуэна къэхутэныгъэхэм зытепсэлъыхьыр нэхъ IупщIу уи нэгу къыщIагъэувэ. КъытеувыIапхъэщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм дэкIа щIалэхэм, зи псэр мафIэ лыгъейм хэзылъхьа зауэлIхэм ятеухуа Iыхьэри купщIафIэу зэрытхар. ЦIыху 475-м ящыщу 283-м я щхьэр халъхьащ зауэм. Псоми я лIыгъэщIыгъэм ехьэлIа хъыбар зы тхылъым, дауи, пхуигъэзэгъэну къыщIэкIынтэкъым, ауэ я цIэ-унэцIэхэр щызэкIэлъыхьащ, къыщалъхуамрэ дунейм щехыжамрэ зэрыхъукIэ щыгъэнэхуащ. ЦIыху щхьэхуэхэм я зауэ гъуэгуанэм теухуа хъыбархэри къыщокIуэ. Нэхъыщхьэращи, щIэблэм ящIэнущ я адэжьхэм я цIэхэр, арыххэуи я фэеплъыр мыкIуасэу къэнэнущ.

Зауэ нэужь илъэсхэр гугъуу щытами, къэралыр зэфIэгъэувэжыным, цIыхум и псэукIэр зэтес щIыжыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ. А лъэхъэнэм ботэщейдэсхэр гуащIафIэу хэтащ, лъэужь хъарзыни къыщагъэнащ. А илъэсхэрщ нобэ адыгэхэри Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыгушхуэ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, IэщIагъэлIхэм, дохутырхэм, къэрал лэжьакIуэхэм я цIэхэр къэралпсо утыкум щыIуар. Апхуэдэу къуажэм къыдэкIащ КъБР-м и радиом илъэс куэдкIэ щылэжьа Емуз Гъузер, СССР-м и лIыкIуэу Иордание пащтыхьыгъуэм илъэс IэджэкIэ щыIа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Емуз Нинэ, Налшык къалэм и унафэщIу лэжьа Хьэгъэс Залымджэрий, нэгъуэщIхэри.

Беслъэнейм ди пащхьэ кърилъхьа тхылъыр зэрыиным къыдэкIуэу, пщIэшхуэ зыхуэфащэ къэхутэныгъэщ. Еши щхьэхи имыIэу ар елэжьащ зэхуихьэсыж тхыдэ Iуэхугъуэхэр хьэкъыу къозыгъащтэ тхылъымпIэхэр уэру къызэрихьыным, тхылъым и напэкIуэцIхэр сурэт гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэригъэнщIыным, блэкIа илъэсхэм къыдэкIа газетхэмрэ журналхэмрэ къуажэм теухуауэ къытехуа тхыгъэхэм я пычыгъуэхэр тегъэщIапIэ зэрищIыным. Абыхэм тхылъыр ягъэщIэращIэ, удамыхьэхынкIэ Iэмал имыIэуи гупсысэм и щыхьэт дахэ мэхъу.

Беслъэнейм и гуащIэдэкIыр абрагъуэщ. Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Урожайнэ (Абейкъуажэ), Инарыкъуей, Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей), Курп Ипщэ (Ислъэмей), Новая Балкария, Тэрч къалэм ехьэлIа тхылъ щхьэхуэхэр. Мыбы хыхьэркъым тхыдэтхым иужьрей илъэс тIощIырыпщIым Къэбэрдеймрэ Джылахъстэнеймрэ я тхыдэм ехьэлIауэ къихута икIи пщIы бжыгъэкIэрэ къытригъэдза тхыгъэхэр.

Тхыдэшхуэ къызэзынэкIа адыгэ къуажэжьым и блэкIам щыщ зы ныбз къэзытIэщIыж тхылъым щIэныгъэ щIэщыгъуэ илъщ. ЦIыху минищрэ никъуэм щхьэдэх къуажэдэсхэм я мызакъуэу, лъэпкъым и блэкIар зыфIэгъэщIэгъуэнхэм я дежи абы пщIэ щигъуэтынущ. И гъащIэм къриубыдэу цIыхур зэщызэмыплъэкIыж къэхъуркъым. Езым къикIуа гъуэгуанэм къыщымыувыIэу, ар къызыдикIуа и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм, и къуажэгъухэм зэ яхуоплъэкIыж, гъащIэм къыхиха лъапIэныгъэхэр щIэрыщIэу щIепщытыкIыж. Зыгуэрхэм зыщихъуэжи къыхэкIми, зызымыхъуэжыр зыщ - къежьапIэ хуэхъуам хуиIэ хущытыкIэрщ, гурыщIэрщ. Арыххэуи, абы бжыгъэ зэримыгъуэтыным цIыхур хущIэкъу мэхъу. Беслъэней Владимир и тхылъыщIэр абы и IуэхукIэ гъуазэ хъарзынэ зэрыхъунум шэч къытетхьэркъым. Тхылъыр бжыгъэ мащIэ дыдэ хъуущ дунейм къызэрытехьар, ауэ ар зэрызэбгрыкIынум, тхылъ гъэтIылъыгъэхэм хуэфащэ увыпIэ зэрыщигъуэтынум шэч хэлъкъым.

ШУРДЫМ Динэ.

● Гъуазджэ



Нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ

Урысей театр зэгухьэныгъэм (РТО) (Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэу (СТД) щытащ) и щIыналъэ къудамэм артист нэхъыжьхэр щагъэлъапIэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр илъэси 150-рэ, абы и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр илъэс 80 зэрырикъур мы гъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ къэралым и щIыналъэ псоми. Ди республикэри абыхэм ящыщ зыти, Iуэхум ехьэлIа зэIущIэхэр, пшыхьхэр къыщызэрагъэпэщащ. Абы ехутылIэу яубзыхуа «Театральное долголетие» зи фIэщыгъэ проектым хыхьэрт «История в лицах» бгъэIэпхъуэ хъу гъэлъэгъуэныгъэр. КъБР-м и театр псоми щагъэлъэгъуащ ар, IуэхущIапIэхэм я илъэс лэжьэгъуэр къыщызэIуахыжым ирихьэлIэу. Абы хэлIыфIыхьа, зи зэфIэкIрэ Iэужьрэ хэзылъхьа артистхэрат РТО-м кърагъэблэгъар.

- Дэ нобэ ди артист нэхъыжьхэр къызэхуэтшэсащ пщIэ зэрахуэтщIыр яжетIэн, тхузэфIэкIымкIэ дгъэлъэпIэн папщIэ, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым Урысей театр зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Фырэ Майе. - «Театральное долголетие» Iуэхур теухуащ ди республикэм и театр гъуазджэм и тхыдэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэр, нобэми а Iуэху мытыншыр зи пщэ дэлъхэр Iэтыным хухэха лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыным. Утыкум илъэс куэд щIауэ итхэм я цIэр гуапэу къызэритIуэм иджыри зэ къегъэлъагъуэ абыхэм я фIыщIэр зэрытщымыгъупщэр. Нэхъыжьхэр гъуазджэм гукIи псэкIи зэрыхуэлажьэр, абыхэм я Iэзагъэр артист IэщIагъэр къыхэзыххэм щапхъэ яхуохъу.

Театр Iуэхум зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа артист гъуэзэджэхэр, лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэр фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ. Ахэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ Майе. Абыхэм яхэтщ къэрал театриплIми (ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым, Музыкэ театрым) я артистхэр, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым режиссурэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Шэрджэс Мухьэмэдрэ уэрэд жыIэнымрэ дирижёр IэщIагъэмрэ щыхуагъасэ кафедрэм и доцент КъуийцIыкIу Валерэрэ. УФ-м и СТД-м и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Фырэ Майе. Пенсэм тIысыжахэри гулъытэншэ ящIакъым, фIыщIэ тхылъхэр абыхэм ящыщ цIыху пщыкIуийм иратащ.

Хъуэхъу псалъэрэ гулъытэкIэ зи гукъыдэжыр къаIэта артистхэр гуапэу зэбгъэдэсащ, уэршэращ, къыхуащта ерыскъым хэIэбащ, фэеплъу сурэт зытрагъэхащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Ахъшэ ядыгъуащ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Урысей МВД-м и Краснодар университетым къулыкъу зыщIэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Кавказ Ищхъэрэм щиIэ институтым щылэжьахэу щым зэрахьэ хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, къэдгъэлъэгъуахэм зыкIэщIаупщIащ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмиратын хуея улахуэу бюджет ахъшэр.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, ахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэмкIэ икIи ямыгъэтIысу тралъхьащ зы илъэсрэ мази 6-м щегъэжьауэ илъэси 2-м нэс.

ЗэгурыIуэр и щIасэщ, зауэр и бийщ

● Махуэгъэпс

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм Швейцарием и щыхьэр Женевэ 2001 гъэм щызэхиша зэхуэсым щагъэбелджылащ политикэ, къэрал зэныкъуэкъухэу зауэм хуэкIуэжхэр, щIыуэпсым леишхуэ лъамыгъэсын папщIэ, мардэ гуэрым зэрыщхьэпрымыкIыпхъэр.

ХЭГЪЭГУ зэмылIэужьыгъуэхэм я еджагъэшхуэхэмрэ къулыкъузехьэхэмрэ абдежым къыщызэдащта зэгурыIуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мыгувамэ, и чэзущ ди планетэм къыпэплъэр зэрыхэплъэгъуэ дыдэм къыхэкIыу, щIыуэпсым щхьэхуещагъэкIэ лей къытезыгъэхьэхэри къызэрырадзэ щымыIэу зыуцIэпIхэри дунейпсо утыкум ишэн зэрыхуейр. АрщхьэкIэ, зэрынэрылъагъущи, а Iуэху бгъэдыхьэкIэм иригъуазэ зауэ зыублэхэм яхэткъым.

Зэдауэр зауэм щыхуагъэкIуэж щIыпIэхэм щIыуэпсым и щытыкIэр къызэрымыкIуэу зэрыщекIакIуэр я щхьэусыгъуэу, а гузэвгъуэм жылагъуэр пэщIэгъэтыным къыхуезыджэ махуэу щэкIуэгъуэм и 6-р ООН-м хэтхэм къыщащтари ищхьэкIэ зи гугъу тщIа я зэхуэсырщ.

А унафэм тезыгъэчыныхьахэм псом япэу нэхъ зытрагъэщIар щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхъей зэпэщIэувэныгъэхэр дыкъэзыхъуреихь дунейми абы къыдит хъугъуэфIыгъуэхэми хуабжьу зэрещхьэкIуэрщ. Абы щыгъуэми, щIыуэпсым



къылъыдгъэс мыхъумыщIагъэм щIыпIэ куэдым апхуэдизу зыщаубгъуащи, Iэщэ зэхуэмыдэхэмкIэ щызэхуэдалъэ зэныкъуэкъум «ижь» зыщIихур зыкъыщиIэта щIыналъэмрэ щыпсэу цIыхухэмрэ я закъуэкъым, атIэ а хэгъэгум къедза щIыпIэхэми зэхъуэкIыныгъэ дызыхуэмейхэр къыщагъэхъу.

Еджагъэшхуэхэми ООН-м къулыкъу щезыхьэкIхэми ящыщу гудзакъэгулыцI нэхъ зиIэхэм зэрабжымкIэ, зи гугъу тщIы мыхъумыщIагъэм хуэдэхэр, нэгъуэщI мыхъуми, яхуэгъэмэщIэнут, зэныкъуэкъу гуащIэм лъэныкъуэ зырыз ирищIыкIхэр щIыуэпсым леишхуэ зэрылъагъэсыр я нэгу къахущIыгъэхьамэ.

А лъэныкъуэмкIэ щыхьэту къэувыфынукъэ совет зэманым кинотеатрхэми телевиденэми куэдрэ къыщагъэлъэгъуа «Отец солдата» фильм гъуэзэджэм хэт теплъэгъуэр? Хэт къызыхуэмыщIэжынур, псалъэм папщIэ, Махарашвили куржы дадэр, и къуэр къыщилъыхъуэу зэуапIэм щыIэу, фашист Германием и щIыгум къыщыхутарэ советыдзэхэм я гъусэу здэкIуэм, танкзехуэхэр зрихьэлIа жызумыпкъыр я «гъущIышымкIэ» щысхьыншэу зэрызэхаутэр гукъутэ къыщыхъуауэ зэрыщытар...

Дауи, зэныкъуэкъум зыдезыгъэхьэхахэм захуэбгъазэу, «фызэзауэми, Iэгъуэблагъэм лей евмых!» яжепIэныр щхьэгъэпцIэжщ, хэкIыпIэ щIагъуэу къызэрыщIэмыкIынури нэрылъагъущ. Ауэ щыхъукIи, ООН-м къулыкъу щызыщIэхэм зытрагъэчыныхьыр зыщ: зэпэщIэувэныгъэ гуащIэм еувалIэхэм, дыкъэзыхъуреихь дунейм леишхуэ къылъагъэс зэрымыхъунур зэхащIыкIыу, я зэхуаку къыдэхъуэ зэныкъуэкъур зауэ гущIэм зэрыхуамыгъэкIуэжынырщ...

Тхыгъэри сурэтри **ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ** *ейщ.*

● Фэеплъ

Ди щэнхабзэм и цІыху цІэрыІуэ



КъБАССР-м, Шэшэн-Ингуш АССР-м, РСФСР-м щІыхь зиІэ я артист, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ ПащІэ Ахьмэд псэужамэ, щэкІуэгъуэм и 6-м илъэс 90 ирикъунут.

ПАЩІЭ Ахьмэд Мэхьмуд и къуэр 1936 гъэм Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Ар ящыщщ зи адэм политикэ залымыгъэ кІэлъызэрахьэу Хэкум ирагъэІэпхъукІахэм. Зэкъуэшищым я нэхъыщІэ Ахьмэд илъэс фІэкІ хъуртэкъым и адэр щаукІам. Зым нэхъ адрейр нэхъ цІыкІужу щІалищ къызыхуэна анэр колхозым хагъэхьэртэкъым, и щхьэгъусэр Хэкум и бийуэ, абы епцІыжауэ къалъытэрти. Дауэ хъуми, анэм ахэр зыхуей хуигъэзащ, иригъэджащ.

Уэрэдымрэ къафэмкІэ «Кабардинка» ансамблым жыджэру хэт Ахьмэд и зэфІэкІым Мэлбахъуэ Тимборэ гу къылъитэри, Ленинград дэт консерваторэм щІэтІысхьэнымкІэ къыдэІэпыкъуат. Ар къимыухыпэу Тбилиси консерваторэм зригъэдзыжри, 1965 гъэм дипломыр иІэу къигъэзэжащ. А гъэ дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием щыщІидзащ лэжьэн. Иужьрей илъэс 15-м Музыкэ театрым и артист пажэу щытащ. Классикэ, эстрадэ уэрэдхэр зэхуэдэу фІыуэ зыгъэзащІэ ПащІэ Ахьмэд макъ гуакІуэ иІэт. Абы игъэзащІэ уэрэдхэр Музыкэ театрым, телевиденэм я архивым къызэрыхэнар фІыгъуэшхуэщ. Музыкэ театрым, щыщылэжьам зыхэта операхэмрэ оперетгэхэмрэ куэдым гукъинэж ящыхъуащ. Абы ариехэр щигъэзэщІащ Къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ здатха «Мадинэ», Верди Джузеппе и «Риголетто», Чайковский Пётр и «Евгений Онегин» операхэм, нэгъуэщІхэми.

ПащІэ Ахьмэд къэзыцІыхуу щытахэм фІыуэ къалъагъурт, пщІэшхуэ къыхуащІырт хьэлэщэн дахэ зэрыхэлъым, зэрыцІыху гуапэм, нэхъыжьми нэхъыщІэми бгъэдыхьэкІэ къазэрыхуигъуэтыфым, цІыху хэтыкІэ зэрищІэм папщІэ.

Ахьмэд и цІыхугъэу, и ныбжьэгъуу щытахэм ящыщщ КІыщокъуэ Алим. Зэгуэрым ПащІэ зэщхьэгъусэхэр Алим зэрымыщІэкІэ яхуэзауэ къажриІат, щІалэ къащІэхъуэмэ, и цІэр фІащыну. ИкІи апхуэдэу хъуащ. КІыщокъуэр къыщалъхуа бадзэуэгъуэм и 22-м махуитІ къудейкІэ фІэкІауэ бадзэуэгъуэм и 24-м дунейм къытехьа я щІалэм Алим и цІэр зэрехьэ.

Ахьмэдрэ и щхьэгъусэ Татьянэрэ яку зэгурыІуэ, пщІэ, нэмыс дэлъу илъэс 30-м щІигъукІэ зэдэпсэуащ. Зыхуей хуагъэзащ я бынищыр. Я щІалэ Алим КъБКъУ-м и инженер-ухуакІуэ факультетыр къиухами, и адэм и лъагъуэм ирикІуэжауэ уэрэд желэ. И адэм игъэзащІэу щытахэм ящыщ зыбжани Алим желэ, «Анэ» уэрэдри хэту.

- Пэжщ, Ахьмэд фІэкъабылтэкъым Алим макъамэр Іэпэгъу ищІыныр, унагъуэр зэрыбгъэпсэуну мылъку а Іэщ1агъэм къызэрыпэмыкІуэм папщІэ. Ауэ «ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ» жыхуиІэращи, Алими аращ лэжьыгъэ хуэхъуар. Ди бынхэм сэ нэхърэ Ахьмэд куэдкІэ нэхъ щабэу яхущытами, зыщышынэри зыщыукІытэри я адэрат. Ахьмэд цІыху тыншу щытащ. Иджыпсту ди бынищри унагъуэ хъужащ, - къыджеІэ Ахьмэд и щхьэгъусэ Татьянэ. - Алим и хъыджэбз нэхъыжь Ланэ «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым илъэсипщІкІэ къыщыфащ. Си пхъурылъху ЩоджэнцІыкІу Іэсхьэд фортепианэ йоуэ, Темыркъан Юрэ и цІэкІэ ягъэува саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ. Аращи, къуэрылъху-пхъурылъхухэм я зэфІэкІхэмрэ ехъулІэныгъэхэмрэ срогуфІэ, срогушхуэ, - жеІэ Татьянэ.

- ПащІэ Ахьмэд, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, КІуащ Верэ, Шэрий Иринэ сымэ зэгъусэу 1957 гъэм Ленинград еджакІуэ ягъэкІуащ. Гупым я утыку итыкІэм укІэлъыплъыныр насыпышхуэт, гур хэзыгъахъуэт, гъуазджэм и фІыпІэт, и дахапІэт, - желэ композитор, усакІуэ Хьэлупэ Джэбрэил. - Ахьмэд бас уэрэджыІакІуэ лъэщт. СощІэж: абы уэрэд щыжиІэкІэ, пшэ хужь къысщхьэщыхьауэ сыщесу къысщыхъурт. «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикІыжыр напэщ», - желэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм. Ахьмэд хуэдэу сценэ итыкІэ зыщІэ артист къэгъуэтыгъуейт. Абы урыс композиторхэм я Іэдакъэщ1экІ арие куэд гум дыхьэу игъэзащІэрт. Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ здатха «Мадинэ» оперэм Къасым и ролыр щигъэзэщІа нэужь, ар драмэ актёр лъэщ зэрыхъуфынур наІуэ къэхъуат. Дэ насып диІэмэ, ПащІэ Ахьмэд хуэдэ уэрэджыІакІуэ лъэпкъым иджыри къытхэкІынщ.

Апхуэдэу гуапэу, ІэфІу Ахьмэд зигу кІинэжахэм ящыщщ абы и ныбжьэгъуу икІи и гъунэгъуу щыта Жыгун Хьэту и къуэ Аслъэн.

- Ахьмэдрэ си адэмрэ зэныбжьэгъут. Зы унэ дыщІэсти, и бынхэмрэ дэрэ дыкъыздэхъащ. Ахьмэд щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхути, уепсэлъэну сыт щыгъуи гъэщІэгъуэнт, узыщымыгъуазэ куэд къыбжиІэрт, - игу къегъэкІыж Аслъэн. - Дуней псом щыцІэрыІуэ артистхэр, уэрэджыІакІуэхэр иц1ыхурти, абыхэм я гъащІэм теухуауи щІэщыгъуэ Іэджэ къытхуиІуэтэжырт. Кобзон Иосиф, Магомаев Муслим, Пугачёвэ Аллэ сымэ игъэхьэщІэуи тлъэгъуащ. Ар Іэнэм тхьэмадэу зэрыпэрысым укІэлъыплъыну гухэхъуэт, щапхъэт. Хъуэхъу дахэхэр, уэрэдхэр жиІэрт. Шахмати дыздэджэгурт, зэгъусэу бдзэжьеящи дыкІуэрт. Ахьмэд ди пщІантІэм куэдрэ щыплъагъурт, ини цІыкІуи ядэуэршэру. Ар дунейм щехыжам пщІантІэр нэщІ хъууэ, абы зеиншафэ къытеуауэ, зыгуэр хуэчэму къыщыхъурт.

Уэрэджыlакlуэ, артист Іэзэ ПащІэ Ахьмэд дунейм зэрехыжрэ илъэс 20 мы гъэм жэпуэгъуэм и 22-м ирикъуащ. Ар ящыщщ ди лъэпкъыр игъащІэкІэ зэрыгушхуэну цІыхухэм.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.





Шэджэм Езанэ къуажэм и «Лэгъупыкъу» сабий гъэсапІэм щекІуэкІащ «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ: гуапагъэм, щэнхабзэм, зэкъуэтыныгъэм я махуэшхуэ» жармыкІэр. Ар къыззрагъэпэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувам тещІыхьауэ.

ЩІэблэр фІым хуагъасэ



ЖАРМЫКІЭР къызэзыгъэпэщахэм я мурадар щІэблэр цІыхубэ Іэпщ1элъапщ1агъэм щыгъэгъуэзэным, щІэпІыкІыным, сабий гъэсапІэмрэ абы екІуалІэхэм я адэ-анэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным я закъуэкъым, атІэ Іуэху гуапэ лэжьыныр. Мыбы къыхэкІа ахъшэмкІэ дэІэпыкъунущ дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм.

Іуэхущ1апІэм бжьыхьэм и теплъэ щхъуэкІэплъыкІэр ебэкІырт. Ар къикъутэрт бжьыхьэр зэрыбей пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмрэ. Махуэшхуэм и нэщэнэу, пщІантІэр шар зэмыфэгъуэхэмрэ Урысей ныпыш-хуэмкІэ ягъэдэхат. Абы щагъэуват сурэтхэр щызытрагъэх хъуну плІанэпэ екІуэри.

Зэхыхьэм папщІэ къызэрагъэпэща концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ сабий гъэсапІэм екІуалІэ цІыкІухэм. Урысейм и гимныр къеуа нэужь, утыкум чэзууэ къихьащ лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр екІуу зыщыгъ адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ. Іуэху-щІапІэм и гупэм деж щагъэуват лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я пщІантІэхэр. Абы адэ-анэхэм щагъэлъэгъуащ лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэхэр, фэилъхьэгъуэхэр, шхыныгъуэхэр, псэукІэр. Сабий гъэсапІэм и гуп щхьэхуэ къэс къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Кърымым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, нэгъуэщІхэми я лъэпкъ пщІантІэхэр. Жармыкіэм зыкъырезыгъэхьэлІахэм абыхэм яфІэгъэщІэгъуэну зыщаплъэныхьащ икІи гукъинэж ящыхъуащ. Жармыкіэм шхыныгъуэхэр, Іэфіыкіэхэр, сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ ягъэхьэзыра Іэрыкі хьэлэмэтхэр, саугъэт папщІэу ят хьэпшыпхэр щагъэлъэгъуащ икІи абы зыкъырезыгъэхьэлІахэм ягу ирихьыр къащэхуну Іэмал яІащ. Іуэхур къызэзыгъэпэщахэми абы къекІуэлІахэми «зыщаплъэныхьащ» икІи «щыхьэщІащ» къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

Жармыкіэм ирагъэблэгъат Шэджэм щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ, Егъэджэныгъэмкіэ управленэм и унафэщІ Іэрыпщ Жаннэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ и центрым и кафедрэм и унафэщІ, а Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ Кравцовэ ФатІимэ, Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ центрым сабий гъэсапІэхэм зегъэужьынымкІэ щыІэ лабораторэм и унафэщІ Сэбан Регинэ, цІыхубэ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщІ Энеевэ Лизэ, щІыналъэм и сабий гъэсапІэхэм я унафэщІхэр, зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэшхуэм хэтыну гупыж зыщІахэр.

Іэрыпщ Жаннэ и псалъэм къыхигъэщащ мыпхуэдэ Іуэхухэр Шэджэм щІыналъэм и курыт еджапІэ, сабий гъэсапІэ, Щэнхабзэмкіэ унэ, библиотекэ, музей псоми зэрыщрагъэкІынур.

«Лэгъупыкъу» сабий гъэсапІэм и унафэщІхэм фІыщІэ хуащІ я гъэсэнхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, хьэщІэхэм, гуапагъэм теухуа Іуэхум къыззрыхьыхьам папщІэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТЕКІУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Ди усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІи итщ

УРЫС тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ Дубковэ Любовь и «Живая долина» зыфІища тхылъыр иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Челябинск къалэм щыпсэу Любовь и усэ тхылъ куэд дунейм къытехьащ. Троицк къалэм щыІэ «Степь» литературэ зэгухьэныгъэм, «Верность слову» литературэ студием хэтщ. «Живая долина» тхылъым щызэхуэхьэсащ нэгъуэщІ лъэпкъхэм я бзэмкІэ тхам щыщу Дубковэм зэридзэкІахэр. Ди гуапэу къыхыдогъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ усакІуэхэу Лыкъуэжь Нелли, Вындыжь Марие, Аброкъуэ Беллэ, Таз ФатІимэ, Гугъуэт Заремэ сымэ я усыгъэм щыщ абы зэритыр. Усэхэр теухуащ гъащІэм и теплъэгъуэхэм, фІымрэ Іеймрэ, блэкІамрэ къэкІуэнумрэ, цІыхур зыгъэпІейтей гупсысэхэм, псэм и щытыкІэм, насыпым и мыхьэнэм, гухэлъым, щІыуэпсым, махуэщІэм хэлъ гурыфІыгъуэм, нэгъуэщІхэми.



Тхыгъэри сурэтри **ГЪУЭТ Синэ** *ейщ.*

● Хъыбар гуапэ

Быф Идар и лъэщагъыр къегъэлъагъуэ

«Тажышхуэр» дзюдомкІэ къэхьыным хуэунэтІауэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби иджыблагъэ щекІуэкІа 12-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэм дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэ, Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Быф Идар.

КИЛОГРАММИ 100-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ ди щІалэм зэхьэзэхуэм и 16-нэ Іыхьэм щыхигъэщІащ Нидераландхэм икІа Коррел Майкл. Абы къыкІэлъыкІуэу, финалым и 8-нэ Іыхьэм и гъуэгум тригъэкІуэтащ Къыргъызым и бэнакІуэ Мелисов Денияр. Зэхьэзэхуэм и Іыхьэ плІанэм Идар щытекІуащ Къэзахъстаным и дзюдоист Байкамуров Марат.

Финалым и Іыхьэ ныкъуэр Быфым дежкІэ нэхъ гуащІэу къыщІэкІащ. Абы ди щІалэм ерыщу къыщыпэщІэтащ Украинэм и бэнакІуэ Савицкий Антон. Мыбдежым зэІущІэм хухаха зэманыр зэрытемыгъакІуэу и кІэм нагъэсащ. Иужьк1э, нэхъ лъэщыр зэхагъэкІын папщІэ, абы къыдыщІагъэжа дакъикъэхэр къигъэсэбэпри, Идар текІуэныгъэр и хьэрхуэрэгъум къыфІихьащ, 5-нэ дакъикъэмрэ 19-нэ секундымрэ.

КІэух зэхьэзэхуэм адыгэ щІалэр щыхуэзащ франджы дзюдоист лъэщ Дьесс Орельен, ауэ ар кІэщІ дыдэу къыщІэкІащ: дакъикъитІрэ секунд 17-кІэ фІэкІа емылІалІэу, Идар и ныкъуэкъуэгъур «иппонкІэ» къытридзащ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, дыщэ медалым къыдэкІуэу Идар къихьащ Олимп джэгухэм къызэрыхах рейтинг очкоуэ 1000 икІи и хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупым я деж дуней псом 9-нэ увыпІэр щиубыдащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтІауэ илъэс къэс ирагъэкІуэкІ дунейпсо зэхьэзэхуэм Быф Идар медалипл къыщихьащ, иджырейри хэту. Мы гъэм ар щытекІуащ Грузием и къалащхьэ Тбилиси, иужькІэ Монголием етІуанэ щыхъуащ. Нэгъабэ Абу-Даби щызэхэта зэпеуэм финалым ар къыщыхигъэщІащ УФ-м и командэ къыхэхам хэт, и ныбжьэгъу ермэлы бэнакІуэ Адамян Арман.

Быф Идар и тренерыр Джэданэ Залымщ.

Иджы екІуэкІа зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 59-м я спортсмену 374-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Хъыбарегъащ1э

ПщІэ зыхуэтщІ абонентхэ! Фигу къыдогъэкІыж унэ зехьапщІэр квитанцэншэу, интернет Іэмалкіэ епт зэрыхъунур: ПсэупІэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкІэ фондым и хэщІапІэм (kapremont.ru), банкхэм я телефон гуэдзэнхэм, ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и къэрал хъыбарегъащІэ системэм, «Госуслуги Дом» гуэдзэным, къинэмыщІхэм. Урысей пощтым е ахъшэр Іызых кассэхэм фекІуалІэмэ, зехьапщІэр интернетыншэу фхуетынущ. Гулъытэншэу къэвмыгъанэ квитанцэхэм тет ахъшэ етыгъуэмрэ ар щыфІаха махуэмрэ.

ФызыщІэупщІэну псоми я жэуапыр и лъабжьэмкІэ къакІуэ хэщІапІэхэм къыщыфхуэщІэнущ:

Телефоныр: 8 967 425-15-16

Электрон пощтыр: regoperator.07@mail.ru

Ди хэщІапІэр: Налшык, Горькэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 17А

«Гъуазджэхэм я жэщ»

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекІуэкІащ «Гъуазджэхэм я жэщ» урысейпсо Іуэхур. Щэнхабзэ зэхыхьэр мы гъэм йокІуэкІ «Лъэпкъхэм я къарур я зэкъуэтыныгъэрщ» къыхуеджэныгъэм щІэту. Ар ирагъэхьэлІащ ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм.

КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуауэ музейм и лэжьакІуэхэм гъэлъэгъуэныгъэ ягъэхьэзырат, сурэтхэмкІэ къызэрымыкІуэу бейуэ. Республикэм и Парламентым, къэралым и политик цІэрыІуэм и Іуэхущ1афэхэр къэзыгъэлъагъуэт ахэр. Мэкъумэшыщ1эхэм, егъэджакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, щІалэгъуалэм я гъусэу траха сурэтхэр, КІуэкІуэм и зэманым епха политикэ къэхъукъащІэхэр къээзыгъэлъагъуэхэр иджы тхыдэм щыщ хъужащ. Аращ ахэр щІэх-щІэхыурэ къэІэтыжын, щІалэгъуалэм ящІэн щІыхуейр.

«Гъуазджэхэм я жэщыр» щекІуэкІащ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм, Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ музей Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм. Республикэм и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэщащ «Лица России: гармония многообразия» тхыдэ-щэнхабзэ Іуэхур. Абы къыщыгъэлъэгъуат лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІахэм къэралым и щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІар. Къызэгъэпэщакіуэхэм щхьэхуэу гулъытэ хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я тхыдэ зэпыщІэныгъэхэм. Хьэщ1эхэм яхутепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зезыгъэужьа, дуней псом къыщацІыхуа цІыхухэм. Апхуэдэщ дызэрыгушхуэ усакІуэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ, щІэныгъэлІхэу Къумахуэ Мухьэдинрэ Энеев Тимуррэ, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ, художник Шемякин Михаил, нэгъуэщІхэри. Зэхыхьэхэм я курых хъуащ сурэтыщІ Сэвкіуий Іэсият и «Текстильное панно» гъэлъэгъуэныгъэр.

Зэхыхьэхэм хэтащ республикэм и жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр, КъБКъМУ-м и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ. Іуэхум щыпащащ Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ музейм. Пшыхьыр ягъэдэхащ «Надежда» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и артист балигъхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ. Сурэт щІынымкІэ мыбдеж дерс щитащ сурэтыщІ цІэрыІуэ Бжьахъуэ Хьэсэн.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.



Бгыхэм зыщагъэпсэхуныр нэхъ къащтэ



Кавказ.РФ-м Іуэхугъуэ щхьэпэ «Іуащхьэмахуэ» курортым щригъэкІуэкІащ иджыблагъэ, «Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр - къуршым» фІэщыгъэр зэрихьэу. Абы и фІыгъэкІэ, бжьыхьэ школ зыгъэпсэхугъуэ зэманым къриубыдэу бгым щыІащ еджакІуэу 3200-м щІигъу.

СТАТИСТИКЭМ къызэригъэлъагъуэмкІэ, апхуэдэ махуэхэм деж Іуащхьэмахуэ лъапэ нэхъыбэу къакІуэр унагъуэхэрщ. Мы гъэм бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм абы щыІащ сабийуэ 2600-рэ, я адэ-анэхэр я гъусэу. Абыхэм нэмыщІ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІащ еджакІуэ цІыкІуу 612-рэ, гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ, я егъэджакІуэхэр ящІыгъуу.

Кавказ.РФ-м къызэригъэпэща Іуэхугъуэ щхьэпэр щэкІуэгъуэм и 4 пщІондэ екІуэкІащ.

«Щэкіуэгъуэм и 4-р къэралым и махуэшхуэщ - ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ, зыгъэпсэхугъуэщ. Дунейм и щытыкІэми унагъуэхэм Іэмал къаритащ экологие лъагъуэхэм ирикІуэну», - жиІащ Кавказ.РФ-м и унафэщІым и къуэдзэ Тапаев Рустам.

КЪАЛМЫКЪ Альберт.

Унафэщ1-редактор ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; здзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкіхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2.423
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыткхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Дыщэкі Соня** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.